

ENFÒMASYON KI ENPÒTAN SOU LAWOUJÒL



Nan dat 20 mas 2025

- Lawoujòl se yon maladi ki trapan anpil. Se yon viriz ki lakòz li.
- Li fasil pou yon moun transmèt lawoujòl lè l ap respire, l ap touse oswa l ap estènen. Epi tou, yon moun kapab pran maladi sa a lè li manyen yon sifas oswa yon bagay ki genyen viris la sou li.
- Lawoujòl kapab fè yon moun malad anpil epi li ka menm touye li.
- Lawoujòl te sispann gaye nan peyi Etazini nan ane 2000 paske vaksen an efikas anpil. Sepandan, pandan pandemi COVID-19 la, etandone anpil moun pa t ka vaksinen, te vin gen plis ka lawoujòl nan lemonnanyè. Omwen 95% nan moun yo sipoze vaksinen pou kanpe lawoujòl.
- **Kounye a, genyen yon epidemi lawoujòl nan Teksas ak Nouvo-Meksik. Nan dat 13 mas 2025, 301 moun te gentan pran maladi a. 50 moun te entènè lopital epi omwen yon timoun ki nan laj pou ale lekòl ki pa t vaksinen te mouri.**

Ki moun ki kapab trape lawoujòl la?

- Nenpòt moun kapab trape maladi a, men se plis timoun ak moun ki pa vaksinen yo ki konn pran l.

Kijan pou m fè konnen si mwen menm oswa pitit mwen an genyen lawoujòl?

- Lawoujòl la ka parèt nan lespas 10-14 jou apre moun nan gen yon kontak dirèk oswa endirèk ak yon moun ki enfekte.
- An jeneral, premye sentòm lawoujòl yo se gwo lafyè, tous, nen k ap koule ak je wouj. Pi devan, moun nan kòmanse gen tach blan nan bouch li. Apre sa, li gen lòt tach ki kòmanse parèt sou figi a epi ki gaye sou tout kò a.
- Omwen 1 moun sou chak 5 moun ki pa vaksinen e ki trape lawoujòl la tonbe malad grav nan pwèn pou l entènè lopital.
- Lawoujòl lakòz kèk efè segondè ki grav, tankou dezidratasyon, vin avèg, domaj nan sèvo ak nemoni. • Pandan yon gwosès, lawoujòl la ka danjere ni pou moun ki ansent lan ni pou tibebe l la.
- **Si w panse yon moun nan fanmi w gen lawoujòl, tanpri rele doktè w tousuit.**

Kisa mwen ka fè pou m pwoteje tèt mwen ak fanmi mwen?

- Vaksen kont lawoujòl la, ki se yon vaksen yo konn bay nan menm moman ak vaksen kont malmouton ak ribeyòl la (MMR), genyen yon efikaste 97% pou anpeche moun pran lawoujòl. Vaksen sa a genyen 2 dòz. Yo bay premye dòz la lè timoun nan genyen 12-15 mwa epi yo bay lòt dòz la lè li genyen 4-6 lane. Timoun ki pral vwayaje deyò Etazini yo ta dwe pran dòz vaksen an anvan sa, lè yo genyen 6 mwa.

ENFÒMASYON KI ENPÒTAN SOU LAWOUJÒL

Nan dat 20 mas 2025



Pitit mwen an genyen plis pase 6 lane epi li poko pran vaksen MMR la. Èsle li ka toujou pran l kounye a?

- Wi. Li pa janm twò ta pou yon timoun oswa yon adilt pran vaksen kont lawoujòl la.

Ki efè segondè vaksen MMR la konn lakòz?

- Efè segondè ki pi komen yo pou vaksen MMR la se doulè nan bra, lafyèv ak iritasyon sou po a. Genyen lòt efè segondè ki pa parèt souvan, tankou yon doulè tanporè nan jwenti yo oswa yon reyaksyon alèjik.
- Si w gen kesyon sou efè segondè yo, tanpri pale sou sa avèk doktè w.

Èske vaksen yo gen sekirite? Èske vaksen an ka fè moun vin gen otis?

- Chak vaksen gen efè segondè ki mache avè l (gade pi wo a). Efè segondè sa yo pa twò grav epi yo gen mwens danje pase yon enfeksyon lawoujòl.
- Vaksen MMR la pa fè moun vin gen otis. An 1998, te gen yon etid ki te fè konnen genyen yon rapò ak vaksen an ak otis la. Sepandan, pi devan, yo te retire etid sa a nan revi medikal kote yo te pibliye l la paske yo te wè se yon fwod yo te fè.
- Toujou gen anpil moun ki kwè vaksen MMR la ka fè moun vin gen otis.
- Sentòm otis yo konn parèt nan menm laj timoun yo resevwa vaksen MMR la. Se pou rezon sa a gen kèk moun ki gen konfizyon sou sa. Plizyè etid konfime pa gen okenn rapò ant vaksen MMR la ak otis la. Centers for Disease Control yo (CDC) ak American Academy of Pediatrics la (AAP) toude konfime vaksen MMR la pa responsab pou ogmantasyon ki fèt depi kèk tan nan kantite timoun ki gen otis.
- Nou rekòmande vaksen MMR la paske li gen sekirite.

Èske vitamin A ka fè moun pa pran lawoujòl?

- Pafwa, yo konn bay moun ki deja malad ak lawoujòl la vitamin A pou trete yo. Sepandan, manje manje ki chaje ak vitamin A oswa pran sipleman alimantè ki gen vitamin A ladan yo pa p anpeche w pran lawoujòl. Dayè, manje oswa bwè twòp vitamin A ka domaje fwa w, li ka fè w tonbe nan koma, li ka fè yon tibebe fèt ak yon domaj epi li ka lakòz lòt pwoblèm sante ankò. Pale avèk doktè w anvan ou pran oswa anvan ou bay pitit ou yo yon sipleman ki gen vitamin A ladan l. Pi bon bagay ou ka fè pou pa pran lawoujòl la se veye pou ou menm ak tout moun nan fanmi w pran vaksen MMR la.

Referans:

- Paj wèb Komisyon Sante Piblik Boston an sou lawoujòl (boston.gov/measles) • Paj wèb Òganizasyon Mondyal Sante a (OMS) sou lawoujòl
- Depatman Sèvis Sante Eta Teksas la: [Epidemi lawoujòl – 28 fev. 2025 | Texas DSHS](#) • [CDC: Sekirite vaksen kont lawoujòl, malmouton ak ribeyòl la \(MMR\) | Sekirite vaksen yo | CDC](#)
- [Vaksen ak otis | Children's Hospital of Philadelphia](#) • [Istwa lawoujòl la | Lawoujòl | CDC](#)
- [Pwogrè ki fèt pou elimine lawoujòl la — Nan lemondantye, 2000–2022 | MMWR](#)